

Bay sèlman lèt manman oswa lèt tibebe pandan  
4 jiska ó premye mwa yo. Sistèm dijestif tibebe a  
poko pare pou okenn lòt bagay.

**PRAN  
PREKOSYON  
zòn sa pa  
pran  
solid**

**SISTÈM  
DIJESTIF AN  
KONSTRIKSYON**

# BYENVINI bebe! (KOUNYE A KISA KI PRAL PASE?!)

Premye sis mwa nan lavi tibebe w la se moman "premye" fwa yo. Premye souri. Premye ekla ri. Petèt menm premye dan an. Li se tou moman kote nouvo manman ap fè eksperyans epi gen tandans gen plis kesyon sou fason pou nouri tibebe yo.

Ou ap jwenn anba a yon lis kesyon yo poze souvan sou kisa ak ki lè pou nouri ti bebe ki gen laj 0-6 mwa:

## Kisa mwen dwe bay tibebe mwen an manje?

Lèt manman oswa lèt ti bebe ki gen fòtifyan fè ka satisfè tout bezwen tibebe w la pou apeprè sis premye mwa yo.

## Èske m ka ba li sereyal? Èske gwo tibebe mwen an pa bezwen plis pase yon senp lèt manman oswa lèt ti bebe?

Kèlkeswa gwosè sistèm dijestif yon ti bebe li pa gen ase matirite pou anyen, men lèt manman oswa èt ti bebe jiskaske li gen kat (4) jiska sis (6) mwa. Gwo ti bebe yo gen menm pery d devlopman ak tibebe ki pi piti yo; Sistèm dijestif yo poko mati toujou epi yo pa kapab sipòte manje solid. Yo ka bwè plis lèt tete oswa lèt ti bebe ki pral ba yo kalori anplis.

## Mwen te bay lòt pitit mwen yo manje solid anvan kat (4) mwa epi li pa t fè yo mal. Kisa ki chanje?

Nouvo rechèch yo endike lè w entwodwi manje solid twò bonè avan kat (4) mwa-nan sistèm dijestif ki poko mati yon ti bebe li ka mennen nan varyete alèji ak entolerans pou manje.

## Mwen tèlman fatige! Èske yon ti kantite sereyal nan bibon ap ede tibebe m nan dòmi pandan lannwit lan?

Tibebe yo ap dòmi pandan lannwit lè yo pare. Sereyal pa pral ede, epi li ka danjere paske li ka lakòz tibebe an toufe.

## Kijan m ap fè konnen lè tibebe m nan pare pou manje solid?

Èske li pa etonan jan ti bebe yo ka "pale" ak manman yo anvan yo pale? Men kèk siy ki montre tibebe w la pare pou li pran plis pase lèt manman oswa lèt tibebe:

- Bon kontwòl tèt.
- L ap ouvè bouch li lè l wè yon kiyè.
- L ap aksepte manje ki soti nan kiyè, epi li mete l nan bouch li.
- Sèvi ak machwè pou l moulen anwo ak anbba.
- Sèvi ak tout men l pou kenbe objè yo.

## refè yon ansyen tradisyon

"Tradisyon grave nan lespri manman m ki se yon Pòtigè. Lè m te fè premye pitit mwen an, li te vle melanje sereyal ak lèt epi bay pitit fi m li nan bibon. Li te di, 'Se fason tradisyonèl la."

Men, doktè mwen an te avèti m vant yon tibebe pa kapab dijere sereyal anvan kat (4) jiska sis (6) mwa. Epitou, si m bay sereyal li anvan lè sa a ka pa sèlman mennen m nan yon batay pou tout lavi ak kesyon pwa, men li kapab debouche sou alèji alavni ak lòt pwoblèm. Mwen te eksplike sa bay manman m, men li te enkyete. Li te kenbe kwayans tradisyonèl la byen di, li te di yon gwo tibebe se yon tibebe ki an sante, epi pitit fi mwen an te piti. Pou rezon sa, li te enkyete.

Pa gen mo majik ki te rezoud pwoblèm sa a pou mwen. Mwen te repete ak rasire m lè m te di manman m pitit fi m t ap grandi nan yon vitès kote li an sante. Mwen te montre li pwa ak kwasans pitit fi mwen an. Mwen te di li doktè a te di pwa li te byen nòmal. Mwen menm te konte kouchèt sal yo pou li te kapab wè tout bagay te byen. Pandan tan ap pase, manman m te pale sou sereyal nan bibon an mwens souvan, epi li te sanble fè doktè an ak mwen menm konfyans.

"Tradisyon yo gen anpil pwa. Menm si eritaj mwen an trè enpòtan pou mwen, panse yon tibebe lou se yon tibebe ki an sante se yon tradisyon mwen pa vle transmèt bay bél pitit fi mwen an."



Carla ak pitit fi l



[mass.gov/wic](http://mass.gov/wic)

1-800-WIC-1007

Enstitisyon sa a ofri tout moun opòtinite egalego.



@MassWIC

Cover photography by Michael Young [www.yamstudio.com](http://www.yamstudio.com)

GOOD FOOD and  
A WHOLE LOT MORE!